

Règleman pou founi Sèvis lasante ak Akomodasyon dapre Seksyon 504 oswa toulède pou Elèv ki nan lekòl leta nan vil Nouyòk pou ane akademik 2009/10

Pou tout paran, doktè, ak founisè swen medikal :

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE), Biwo pou lasante nan lekòl *Office of School Health* (OSH) ki nan Depatman Sante ak Ijyèn mantal vil Nouyòk *New York City Department of Health and Mental Hygiene* (NYCDOHMH) la ap travay ansanm pou fè sèten yo ofri tout elèv ki gen bezwen espesyal sèvis pou yo ka patisipe toutbon vre nan anviwònman edikatif la. Pou sa ka fèt, paran ak founisè swen sante yo dwe itilize fòmilè nou mete ak lèt sa a pou tout demann y ap fè an pèsòn pou sèvis lasante andirèk nan lekòl la oswa pou sèvis akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon yo te vote an 1973. **Ou dwe voye fòm sa yo tounen nan lekòl pitit ou a pou yo ka ranpli fòmilè pou founi l sèvis yo.** Li pral nesesè pou w soumèt chak ane eskolè yon nouvo fòm pou mande ak pou otorize yo bay pitit ou a sèvis yo nan lekòl si l toujou bezwen yo. Ou dwe swiv direktiv sa yo pou w fasilite kontwòl fòm ou ranpli yo, e pou yo founi sèvis klinik ki apwopriye:

- Doktè oubyen founisè swen medikal k ap ranpli fòm lan dwe se moun k ap kontwole anreyalite kondisyon ki lakòz demann sèvis yo.
- Yo dwe bay yon nimewo lisans Leta Nouyòk *New York State* (NYS), *New Jersey* oswa *Connecticut*. Si yon doktè k ap swiv yon estaj fòmasyon ranpli fòm lan, yon sipèvizè (tankou, doktè k ap swive malad la) dwe siyen fòmilè a tou, epi estajyè a dwe mete nimewo lisans sipèvizè a sou fòm lan.
- Òdonans doktè a dwe fèt pou yon bagay espesifik. Li dwe lizib e ekri byen klè pou enfimiyè a ka konprann tout sa ki ladan l pou l ka egzekite l ak tout konsyans responsablite klinik li genyen.
- Yo dwe soumèt yon demann pou sèl sèvis ke yo dwe founi pandan lè lekòl, (pa egzanp, si yo ka bay yon elèv medikaman lakay li anvan oswa apre lè lekòl, yo pa dwe soumèt yon demann pou medikaman sa a nan lekòl la).
- Yo pa p bay medikaman omeopatik *Homeopathic medications*.
- Tanpri sonje, anjeneral yo estoke medikaman yo nan yon ti plaka ki fèmen akle nan yon sal espesyal (sa vle di, nan enfimri a) sòsi yo otorize elèv la pou l pote medikaman an sou li nan lekòl la.
- Paran, doktè, manm pèsònèl lekòl la ak elèv yo dwe travay ansanm pou ankouraje tout timoun vin endepandan toutotan yo kapab. Si timoun lan anmezi pran medikaman an poukont li, paran an dwe mete inisyal non li nan espas ki fèt pou sa padèyè fòm medikaman an. Pifò elèv lekòl pre-segondè ak lekòl segondè ta dwe kapab pran medikaman poukont pa yo, (sa vle di, kapab detèmine bagay sila yo : ke medikaman an se sa yo dwe pran; pou ki sa y ap pran medikaman an; dòz kòrèk oubyen kantite medikaman pou yo pran; kilè yo dwe pran medikaman an pandan jounen lekòl la; dekri kisa k ap pase si yo pa pran medikaman an). Yo pèmèt elèv sa yo pote e pran medikaman nesesè yo poukont pa yo pandan jounen lekòl san sipèvizyon, sependan **yo pa janm bay elèv pèmisyon pou pote sou yo medikaman ki fèt ak sibstans ki sou kontwòl leta.**

Paran, tanpri sonje pou w kole yon ti foto pitit ou a anlè nan kwen gòch Fòmilè Otorizasyon pou bay elèv medikaman *Medication Administration Form* (MAF) pou nou ka byen idantifye elèv la.

Genyen kat kalite fòmilè pou soumèt demann e pou mande otorizasyon :

- Fòmilè pou administre elèv medikaman *Medication Administration Form* (MAF) – yo sipoze ranpli fòmilè sa a sèlman lè yo mande pou bay elèv medikaman. Nan ka opresyon, founisè yo ka mete yon plan nan ka opresyon avèk MAF la. Ka gen pwoblèm pou itilize ponp pou opresyon an lè elèv yo sou wout pou al lekòl; tanpri, si l posib, anvizaje mande pou yo preskri yon *inhaler* ak *spacer*.
- Fòmilè pou founi tretman medikal doktè preskri (san medikaman) – yo sipoze ranpli fòmilè sa a pou demann ki gen pou wè ak pwosedi espesyal tankou mete katetè nan blad pipi, drenaj postiral, ponp pou absòbe likid nan trache, tib pou mete manje nan lestomak, elatriye. Yo ka itilize fòm sa a pou tout tretman enfimiyè kalifye.
- Fòmilè pou lekòl la bay pou dyabèt– yo sipoze ranpli fòmilè sa a pou elèv ki gen dyabèt, e ki bezwen bagay sila yo : pou kontwole kantite sik yo gen nan san yo, pou bay yo ensilin ak/oswa *glucagon*.
- Demann pou sèvis akomodasyon dapre Seksyon 504 – yo sipoze itilize fòmilè sa a pou mande sèvis espesyal tankou pou mande mete yon elèv nan yon *building* ki pa gen obstak, pou l ka itilize asansè, pou mande modifiye egzamen, elatriye. Yo **pa** dwe itilize fòm sa a pou menm kategori sèvis, tankou terapi pou moun fè egzèsis ki pou pèmèt yo retounen travay, terapi fizik, terapi pou langaj ak terapi pou pwononsyasyon, terapi pou konsèy, elatriye, ke plan edikasyon endividyèl *Individualized Education Plan* (IEP) elèv la deja pran ankonsiderasyon e ke yo deja ofri elèv la.

Tanpri kontakte lekòl pitit ou a si w ta vle poze nenpòt kesyon. Mèsi pou èd ou.